КЪЭРАЛ ПСОМИ Я ПРОЛЕТАРХЭ, ЗЫЗЭГУХЬЭ!

КЪЭБЭРДЕЙ ПЭЖ

ВКП(б)-м и КЪЭБЭРДЕЙ ОБКОМЫМ, НАЛШЫК КЪАЛЭ КОМИТЕТЫМ, КЪЭБЭРДЕЙ АССР-м И ВЕРХОВНЭ СОВЕТЫМ Я ОРГАН.

№ 163 (7845). | Августым и 17-м 1952 гъэм, тхьэмахуэ. | И уасэр кIэпI. 20

НОБЭРЕЙ НОМЕРЫМ ИТХЭР:

Гъавэр гъэхьэзырынымкIэ пашэхэм щапхъэ ятехын. С. Андреев — Илъэс планыр гъэзэщIа хъуащ; Тембот ФI. — Гъавэ тыныр зэфIэгъэкIащ; Ф. Павлов — Зыхуагъэувыжа къалэныр щIыхь пылъу ягъэзащIэр; Ащхъуэт З. — Гъавэр къехьэлIэжыным хэлъ ныкъусаныгъэхэр икIэщIыпIэкIэ гъэкIуэдын (1-нэ напэм). Д. Мирошниченко — Ухуэныгъэр псынщIэу, фIагъ хэлъу егъэкIуэкIын (2-нэ напэм).
Парторганизацэм и лэжьыгъэм хэлъ ныкъусаныгъэхэр коммунистхэм къыщIагъэлъащ (2-нэ напэм).
Н. Ефремов — ЕгъэджакIуэхэм я августовскэ совещанэхэр (2-нэ напэм).
Мэлэ А. — ЩIыпIэ Советхэм я сессиехэр тэмэму къызэгъэпэщын икIи егъэкIуэкIын (3-нэ напэм).
Хьэжкъуэншэ Хь. — Зэгъэр (рассказ) (3-нэ напэм).
Советскэ Армэм Корейр щыхуит къыщащIа махуэр илъэси 7 щрикъур корейскэ народым егъэлъапIэр (4-нэ напэм).
Бразильскэ народыр мамырыгъэм щIобэныр (4-нэ напэм).
Корейм къыщыхъуахэр (4-нэ напэм).

Гъэ еджэгъуэщIэм зыхуэгъэхьэзырыныр зэфIэгъэкIын

Народнэ образованэм и Iуэхум ди къэралым гулъытэу щыхуащIыр гъунапкъэншэщ. Коммунистическэ партымрэ советскэ правительствэмрэ щIэблэщIэр егъэджэным, гъэсэным папщIэ ямыгъэпсэуэ псори къащIэгъэлащ. Народнэ образованэм и Iуэхум текIуэдэным папщIэ государствэм ахъшэ мелуанкIэрэ къеутIыпщ. Ди еджапIэ заведенэ псоми щагъэсэ школхэм хуэгъэкIапэр марксистскэ-ленинскэ щIэныгъэ лъагэ зиIэ егъэджакIуэхэр. Ди школхэр щIэлажьэр уэз пэхъыфIхэм. Ди сабийхэм папщIэ сыт щыгъуи къызэIуахащ пионерхэм я Дворецхэр, библиотекэ къуэлайхэр.

Советскэ щIэблэщIэм гъэсэныгъэ нэс етыным игъуэт гулъытэ иным аргуэру зэ щыхьэт тохъуэр В. И. Ленинным и цIэкIэ щыIэ пионер организацэр илъэс 30 щрикъу махуэм пионер пыбжьыщIэхэм товарищ Сталиным яхуигъэхьа хъуэхъур. Народхэм я вождь иным а хъуэхъум щитхащ:

«Пионер организацэм пионерхэр, еджакIуэхэр ленинцэ пэжхэу, ди Родинэ иным гурэ псэкIэ бгъэдэт и къуэхэу лыпэкIэ ирырегъаджэ».

ЕгъэджакIуэ иным а и хъуэхъу псалъэхэр советскэ школым и джэкIэ программэ гъуэзэджэу мэув. Абыхэм налъуэу къагъэлъагъуэр коммунистическэ обществэм и ухуакIуэ ...

[...]

... профсоюзнэ организацэхэр.

Гъавэр гъэхьэзырынымкIэ пашэхэм щапхъэ ятехын

Илъэс планыр гъэзэщIа хъуащ

Прохладнэ районым и колхозхэм, совхозым гъавэ тынымкIэ илъэс планыр августым и 15-м ирихьэлIэу проценти 113-кIэ ягъэзащIащ. Абы хуэдэу районым и колхозхэм нартыхумкIэ, гуэдзымкIэ, хумкIэ планыр ягъэзащIащ. Государствэм гъавэу пут мин 960-кIэ нэхъыба ептащ, 1951 гъэм елъытауэ.

Бжьыхьэмрэ гъатхэмрэ трасамкIэ папщIэкIэ жылапхъэу зыхуейм хуэдиз колхозхэмрэ совхозымрэ ябжьащ. Страховой, Iусыпхъэ фондхэр ягъэтIылъыр. Колхозхэтхэм авансу трудоденым хуэзэу килограмм тIурытI иратащ. МТС-хэм къагъэува счетхэм яхэ иткIэ колхозхэм иджыри гъавэ ятыр.

Совхозым планым и лейуэ гъавэ етыр.

ВКП(б)-м и Прохладнэ райкомым и секретарь С. АНДРЕЕВ.

Гъавэ тыныр зэфIигъэкIащ

Товарищ Сталиным ирата псалъэр Iуэхук1э ягъэпэжыным щIэбэнкIэрэ, шы завод № 110-м и лэжьакIуэхэм государствэм гъавэ етынымкIэ планыр августым и 13-м ягъэзащIащ. ГуэдзыфI дыдэу пут минхэр къэралым етащ.

ТЕМБОТ ФI.,
Шы завод № 110-м и директор.

Зыхуагъэувыжа къалэныщIэр щIыхь пылъу ягъэзащIэр

Гъавэр государствэм етынымкIэ илъэс планыр и пIалъэр къэмысу ягъэзэщIа Прималка гъавэ совхозым ...

... и комбайнерхэу т.т. Смирноврэ Ефимченкэрэ. Къэралым и комбайнер пашэхэм и опыт гъуэзэджэхэр ...

... нухащ. Абы и гуэдз хьэсэ гектар 360-м зы гектар къэс хуэдэу центнер 22-рэ килограмми 50-рэ къытрихащ ...

... лэжьакIуэхэм зыхуагъэувыжа къалэныр ягъэзащIэкIэрэ, гуэдзым и шапхъэфIхэр къызэрагъэлъагъуэм, механизаторхэм, шоферхэм, совхозым и мэкъумэш лэжьакIуэхэм я нормэхэр махуэ къэс щIыгъуу зэрагъэзащIэр ... фIыуэ малэжьэхэр 8-нэ отделенэм ...

... зэрагъэкIуэ! жылапхъэ гуэдзыр къехьэлIэжыныр. Тов. Клюйрэ агроном тов. Грушевскэмрэ зи унафэщI 8-нэ отделенэм щыIуахыжа гуэдз гектар 390-м гектар къэс хуэдэу «Новоукраинкэ-83» гуэдзу центнер 23-рэ къытрахащ. Е 4-нэ отделенэм гуэдз жылэр къехьэлIэжын ...

Гъавэр планым и лейуэ государствэм етыныр, щIымыж зеIэ гъавэр къехьэлIэжыныр зэфIэгъэкIуэным теухуауэ совхозым и лэжьакIуэхэм зыхуагъэувыжа къалэнхэр мы махуэ гъуэнэгъуэхэм гъэзащIэ хъунущ.

Ф. ПАВЛОВ.

Гъавэр къехьэлIэжыным хэлъ ныкъусаныгъэхэр икIэщIыпIэкIэ гъэкIуэдын

Колхозхэтхэмрэ механизаторхэмрэ я псэемыблэж лэжьыгъэкIэ къыхэкIыу Курп МТС-р зэщIэзыубыдэ колхозхэм мы гъэм гъавэ бэв къагъэкIащ. АтIэ а гъавэ бэвыр къехьэлIэжыныр колхозхэм сыт хуэдэу къызэрагъэпэща? «Красный Восток», «Красная Звезда», «Серп и молот» колхозхэм комбайн агрегат ...

... гъэтэр гурэ цIыхукIэ ирикъуу къызэгъэпэщыным. «Красная Звезда» (председателыр тов. Дыкъуэрщ), «Серп и молот» (председателыр тов. Акъсэрэрщ) колхозхэм лэжьэн лъэкI зимыIэ комбайнхэр мылажьэу щыщыт куэдрэ къохъур дагъэ гъэсын, и зэманым псы зэрамыгъэзыпым къыхэкIкIэ. Августым и 5-м ...

... къагъэувыр цIыху къару яхуримыкъу хуэдэу, абы щыгъуэми цIыху псы бжыгъэхэр лэжьыгъэм хэшамыхъуауэ къуажэхэм дэсщ. Гъавэ къызытрахыжа хьэсэхэр гъэкъыбзэ зэрымыкъуэм къыхэкIкIэ гусеничнэ трактор лъэщхэр зэлэжьыни щIы ямыгъуэту мылажьэу щытхэщ. «Красный Восток» ...

АЩХЪУЭТ З.

ГЭС-м иухуанIуэхэм я ехъулIэныгъэхэр

Майскэ межколхознэ гидроэлектростанцыр ухуэным щIадзащ илъэсыбэкIэм и март мазэм икIи ар лъэжьэу яутIыпщынущ 1953 гъэм. ГЭС-м электрокъарукIэ къызэригъэпэщынущ «Мировой Октябрь», «Урожайный», «Красная нива» колхозхэм я гъэш, къуэ икIи нэгъуэщI фермэхэр, мэкъумэш лэжьыгъэгугъуэхэр, колхозхэтхэм я унэхэр. Майскэ МТС-р, райцентрыр, Котляревскэ станцыр. ГЭС-р ди республикэм щыIэ межколхознэ электростанцхэм я нэхъ ин зыуэ щытынущ.

... — монтажнэ конторэм и специалист гупым (прораб нэхъыжьыр Колокольцевырщ) ГЭС-р ухуэнкIэ гуащIэдэкIым и щапхъэ ... къегъэлъагъуэр. Абы хуащ ГЭС-м и унэр, псыр зэрыкIуэнхэр, нэгъуэщIхэри ... йолэжьыр ... камерэ ухуэным, гидротурбинэхэр гъэувыным зыхуэгъэхьэзырым, нэгъуэщIхэми. УхуакIуэхэм ... нормэр махуэ къэс ... зымыгъэзащIэ. Псом хуэ...

... пов, пхъащIэхэу т.т. Писарев, Лебедев сымэ. Абыхэм я нормэр процент 180—200-кIэ щамыгъэзащIэ махуэ къыхъуркъым, я лэжьыгъэм фIагъ ин хэлъщ. ГЭС-р ухуэным йолэжьыр щIыхубэ бригадэ щхьэхуэ. Къагъэлъагъуэ хуейщ абы хэт щIыхубэхэм лэжьыгъэ пэхъугъуэхэр фIыуэ зэрагъэзащIэр. Тов Чумакова и бригадэм щыщхэу т.т. Чумакова, Хоменко, Скорикова, Солоденко, нэгъуэщIхэми я нормэр махуэ къэс проценти 150-кIэ нэхъыбэкIэ ягъэзащIэр.

... Кабардей сельэлектром и ухуа ...

Хур къехьэлIэжыным щIадзащ

Прохладнэ районым Петров сымэ я цIэкIэ щыIэ колхозым мы гъэм хуэ бэв къыгъэкIащ икIи ар къехьэлIэжыным псом япэ щIидзащ. А хуэ лIэжыныр Къэбэрдейм бэвыр къырехьэлIэжыр Къэбэрдейм и комбайнер пашэ, ди республикэм и механизаторхэм я социалистическэ зэхьэзэхуэм и зэкIуэблэкIуэ тов. Михаил Чернобай. Сыхьэт графикым тету лажьэкIэрэ тов. Чернобай и нормэр махуэ къэс щIигъуу ...

... егъэзащIэр. Абы нэмыщIкъуэ щIыпIэхэм зы гектарым хуэдэу хуэ пути 150-рэ, нэгъуэ итху пути 120—130-рэ къыщIекIуэкIыр. кIэрыху къыгъэхъуркъым. Абы хуэдэу хуэ бэв къыщIащIуэкIыр Жук и цIэкIэ зэхэт колхозым щылажьэ комбайнерхэми.

Хур къехьэлIэжыным щIадзащ Майскэ, Урожайнэ, Прималкэ районхэм я колхозхэми.

Советскэ Союзым

Новая Каховка. Каховскэ гидроузелым и ухуакIуэхэм техникэ лъэщ Iэрохьэр. Иджы йокIуэкIыр «1000—80» земснарядыр зэпкъырылъхьэныр.

Сурэтым: земснарядым и рыхлителымрэ стрелэмрэ зэпкъыралъхьэу ирищ.

Сурэттехыр А. ФАТЕЕВ (ТАСС-м и фотохроникэ).

Машинэхэр — «Куйбышевгидростройм»

ВОРОШИЛОВГРАД, августым и 14-м (ТАСС). Ворошиловград дэт, машинэ щащI заводу Пархоменко и цIэкIэ щыIэм и лэжьакIуэхэм Куйбышевскэ ГЭС-м и ухуакIуэхэм я заказ иныр гъэзэщIэным щIадзащ. Нобэ къыщIагъэкIащ зи конструкцэр ирагъэфIэкIуа подвеснэ универсальнэ грохот «Гуп-2»-р.

...

... гупыр къыщIэгъэкIыныкIэ заказхэр и пIалъэр къэмысу игъэзэщIащ икIи «Куйбышевгидростройм» деж иригъэшащ.

ЗэрыщэкIуэ гъуэгухэмкIэ Министерствэм и заводым псы зэрашэ бжьамийуэ япэ вагони 8-р ухуэныгъэ иным деж иригъэшащ.

Ухуэныгъэ инхэм папщIэ

СЛАВЯНСК (Сталинскэ область), августым и 14-м (ТАСС). Ухуэныгъэ зэрыхьэ машинэхэр щащI Славянскэ заводым нобэ щыхэфIэкIащ къару ин зиIэ япэ вибробабыр гъэхьэзырыныр. Ар — шы щIагъым гидротехническэ сооружениехэр: фундаментхэр, скважинэхэр, гъэхъумэщIхэр щащIкIэ бетон зэхэщIэр жыжьэ ...

...

Бжьыхьэсэр тесэныр

Улан-Удэ къыратыкIыу хъыбар къызэрагъэщIамкIэ, Бурят-Монгольскэ АССР-м бжьыхьэсэ къэкIыгъэхэр тесэн щыщIадзащ. Мыбы бжьыхьэсэу щытрасэр Iэнэ, щIэныр нэблагъэкIэ нэхъыбэ ящIыр, щIыщIэхэр мэкъумэщыщIапIэ ящIкIэрэ. Колхозхэм я губгъуэхэм трактору, машинэу хуэдитIкIэ нэхъыбэ щолажьэр, нэгъуэ с лъытауэ. Жылэу трасэр фIагъ ин зиIэ, щIыIэм щымышынэ, бэв хъу «Удинскэ» хьэпщIийрщ. Хьэсэ зыбжанэм жылэр зэблэдзауэ, сатырыр зэпыдзауэ трасэр.

Читинскэ областым и колхозхэм хьэпщIий тесэным щIадзащ. ХьэпщIийуэ трасэр гектар мини 10-кIэ нэхъыбэ ящIыр.

Саратовскэ областым и колхозхэм бжьыхьэсэ къэкIыгъэу япэ гектар мин 50-р трасащ. Мэкъумэш наукэхэм я доктор Н. Г. Нейстев къыгъэкъуа районированнэ бжьыхьэсэ гуэдз «Лютесценс 230»-уэ тырасэр зыхъумкIэ нэхъыбэ ...

(ТАСС).

Советскэ Армэм Корейр щхьэхуит къызэрыригъэщIыжрэ илъэси 7 щрикъур корейскэ народым егъэлъапIэр

Пхеньян щекIуэкIа гуфIэгъуэ собранэ

Ким Ир Сен къыпсэлъахэр

ПХЕНЬЯН, августым и 14-м. (ТАСС). Советскэ Армэм Корейр японскэ империалистхэм я къарыым къызэрыщIигъэкIыжрэ илъэси 7 щрикъум теухуауэ гуфIэгъуэ заседанэ Пхеньян щекIуэкIащ. Заседанэр щекIуэкI залым къыщызэхуэсащ лIыкIуэ пщIэхэр. Корейскэ Народнэ-Демократическэ Республикэм и лIыкIуэхэр, китайскэ добровольческэ частхэм я лIыкIуэхэр, командирхэр, искусствэм и лэжьакIуэхэр, партхэм, общественнэ организацэхэм я лIыкIуэхэр, дипломатическэ корпусым и членхэр.

Сценэм и куэм итщ И. В. Сталиным, Ким Ир Сен, Мао-Цзэ-дун сымэ я сурэт инхэр, уэ гъэгъа лъагэхэмкIэ гъэщIэрэщIауэ. Дыщэпсынэ тхэ лозунгхэр малъыр — «Советскэ Союз ином Корейр щхьэхуит къызэрыригъэщIыжрэ илъэси 7 щрикъум щыгъащIэ». Президиумым и столым бгъэдэсщ — Ким Ир Сен, Пак Хен Ен, Хон Ги Дю, Хе Гай, Пак Ден Ай, Пак Чан Ок, Цой Ен Ген, СССР-м и послу Корейскэ Народнэ-Демократическэ Республикэм щыIэр. Зыхьэлэтыныгъэ инкIэ собранэм и щIыхь президиумым хахъуэу хахыр товарищ И. В. Сталиныр и пащэу ВКП(б)-м и ЦК-м и Политбюрор. Шыхь президиумым абы хэхьэ къэбзэу хахыр къуэш партхэм я унафэщIхэр.

Доклад щIыным папщIэкIэ псалъэ иратыр Корейскэ Народнэ-Демократическэ Республикэм и Министрхэм я кабинетым и председатель, Корейскэ Народнэ армэм и Верховнэ Главнокомандующэ Ким Ир Сен.

Доклад ин щищIым Ким Ир Сен къыгъэлъагъуащ Советскэ Армэм Корейр японскэ империалистхэм я хэгъэбым къызэрыIэщIигъэкIыжам корейскэ народым и историем и кIуэцIкIэ папщIэкIуэщIыныIэ къыэрыкIуаIэр. Илъэси 7 ипэкIэ, лIэщIыгъуэ куэд хъуауэ къэгъэ-гурыкIуэ и историем и кIуэцIкIэ илъэу, корейскэ народым лъэкIыныгъэ игъуэтащ и псэукIэр езым игъэхуэну. Ким Ир Сен псом хуэмыдэу къыхигъэщащ Корейр щхьэхуит щищIы хуещIащ. Советскэ Армэм щIыжа иэужьым Советскэ Армэм корейскэ народым къуэрэ зыщигъэ хунгъэнигъэр зэрыригъэм къэщимыхуэ зыуэ тэкъуэт, нагъуэщIым IэщIэмылъ демократическэ государствэ щхьэхуит къызэгъэпэщыныр и къыгъэлъагъуэхэм. Корей-скэ народым, жеIэр Ким Ир Сен, фIыщIэ иныщэ хуищIащ, фIыщIэ щIэмыхъуэ хуещIыр езым и щхьэхуитыныгъэм къыщIэкIуэм, и ныбжьэгъу нэхъыфIым — советскэ народым, Сталин иным.

Хэку зауэм и екIуэкIыкIэм теухуауэ Ким Ир Сен къыгъэлъагъуащ военнэ поражение къудей мыхъуу политическэ поражение фронтым щызыгъуэта америкэнскэ хъунщIакIуэхэм езыхэм я агрессивнэ мурадхэр игъэзэщIэным хущIэкъуэкIэрэ Корейм бзаджэнаджэгъэ IэйпIэ лъэныкъуэхэр зэрыщалэжьыр, химическэ, бактериологическэ Iэщэр къыщагъэсэбэпыр, къалэ, къуажэ мамырхэр, электростанцхэр зэрыпхакъутэр, жылагъуэхэм хьэкIэкхъуэкIэгъэ хэлъу бомбэкIэ къеуэ IэрэКорейм и щIыху мамырхэр итрауэкIыну зэрыхущIэкъуэр.

АрщхьэкIэ, жеIэр Ким Ир Сен, хуитыныгъэр фlыуэ зылъагъу корейскэ народыр лъэгуажьэмыщIыху игъэувыну ялъэкIынкъым, сыт хуэдэ бзаджэнаджагъэхэр ялэжьу щытми. Корейскэ Народнэ армэмрэ абы бдэу къуэту зауэр езыгъэкIуэ китайскэ добровольцхэмрэ я къарур, зауэм хуэIэзэу щытыныр зэпымыуэ ххъуэр, нэхъ зырызыт тету къаруу. Южнэ корейскэ партизанхэм я бжыгъэр хохъуэр. Рабочхэр, мэкъумэшыщIэхэр, интеллигенцыр, щIыху псори мы лозунгым щIэту «Фронтым зыхуей псори еты, дыпекIуэныр папщIэкIэ псори еты» псэемыблэжу мэлажьэр, республикэм и тылыр быдэ мэхъур.

Ауэ корейскэ народыр, жеIащ Ким Ир Сен жеIащ, мамырыгъэм хущIокъур. Панмыньджонь щыIэ делегацэм къару псори пидзэ IэщIэр зэхэкIуэным теухуа зэгурыIуэныр зэрырагъэщIылIэныным. Армэрэ, америкэнскэ лъэныкъуэм мамырыгъэм теухуа псалъэмакъыр щIыкIэ, зэпсалъэныгъэр хъупшэн, зэуэм зэгъэубыгъэну хущIокъур.

И докладыр щиухым Ким Ир Сен къигъэлъагъуащ америкэнскэ агрессорхэм я бийуэ екIуэкI хэку зауэ зэхуэм и кIуэцIкIэ текIуэныгъэ зыIэригъэхьэну, езым и демократическэ къэрал гуащIэр, я хуитыныгъэр, езыгъэуэщIым IэщIэзымыгъэкIыжыр корейскэ народым псом текIуэныгъэ къыдэхырыныгъэ быдэ хэриIэ.

Ким Ир Сен къыщIигъэлъэм Корейм и щхьэхуитыныгъэкIуэ Советскэ Армэм и щIыхькIэ, совет, корейскэ народхэм яку дагъэ быдэгъэ былъм и щIыхькIэ, Ким Ир Сенрэ Мао Цзэ-дунрэ я щIыхькIэ, дунейм псом гуащIэрыщIэхэм я вождь ин икIи я егъэджакIуэ товарищ И. В. Сталиным и щIыхькIэ мыдэ-мытIэу Iэгуауэ екIуэкIащ.

АдэкIэ псалъэ иратыр СССР-м и послу Корейскэ Народнэ-Демократическэ Республикэм щыIэм. Абы советскэ народым бгъэдэкIыу корейскэ народым къуэш салам гуапэ ирихащ.

Китайскэ народнэ добровольцхэм я лIыкIуэхэм китайскэ народнэ добровольцхэм я салам бгъэдэхыр къуэш корейскэ Народнэ армэм иратащ. Хъуакъуэу къыпсалъахэм Китайскэ Народнэ Республикэм и IуэхукIэ зипщэ дэлъу КНДР-м щыIэр, народнэ-демократическэ къэралхэм я дипломатическэ миссхэм я лIыкIуэхэр.

Собранэм хэтхэм зыхьэлэтыныгъэ инкIэ къыхагъэщ Генералиссимус И. В. Сталиным, Мао Цзэ-дун, Ким Ир Сен я деж иргъэхь хуэгъэ телеграммэхэр.

Венгрием и Государственнэ Собранэм и сессием

Матиас Ракоши—Венгерскэ Народнэ Республикэм и Министрхэм я Советым и Председателщ

БУДАПЕШТ, августым и 14-м. (ТАСС). Венгерскэ Народнэ Республикэм и Государственнэ собранэм и сессиер нобэ мыбы щызэхэтащ. Венгерскэ Народнэ Республикэм и Президиумым и секретарь Пиропка Сабо и отчетнэ доклад едэIуащ сессием тIум я зэхуэку дэлъа зэманым Президиумым ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуауэ.

АдэкIэ къедэIуащ Венгерскэ Народнэ Республикэм и Министрхэм я Советым и председатель Иштван Доби и письмом, Министрхэм я Советым и председателым и къалэнхэр абы езым и пщэ зэрыдихым теухуауэ Иштван Доби зэрытекIымкIэ сессиер акъылэгъу хъуащ. Венгерскэ Народнэ Республикэм и Президиумым къыхилъхьэрэ республикэм и Министрхэм я Советым и председателу зэхъулэгъуу хахащ Матиас Ракоши. А унафэр къыщищтэм Государственнэ собранэм Iэгуауэ ин иригъэкIуэкIащ, Матиас Ракоши и щIыхькIэ.

КIэщIу къыщыпсалъэм Матиас Ракоши Государственнэ собранэм езым къыхуищIа дзыхьым папщIэкIэ фIыщIэ ин яхуищIащ икIи а дзыхь иныр зэригъэпэжыным къару псори ирихьэлIэну псалъэ итащ.

АдэкIэ Шандор Ронаи и письмом къедэжащ, Венгерскэ Народнэ Республикэм и Президиумым и председатель къалэныр абы езым и пщэ зэрыдихым теухуауэ. Государственнэ собранэм и депутатхэр Ш. Ронаи и къулыкъум зэрытекIымкIэ акъылэгъу хъуащ икIи нагъуэщIым IэщIэмылъу щытынымкIэ Венгерскэ народнэ фронтым и Президиумым къыхилъхьэрэ я къулыкъум зэакъылэгъуу трагъэуващ Иштван Доби.

АдэкIэ сессиер акъылэгъу хъуащ Государственнэ собранэм и председатель Имре Дэгеи зэрытекIымкIэ икIи а къулыкъум Шандор Ронаи тригъэуващ, абы и кандидатурэр нагъуэщIым IэщIэмылъу щытынымкIэ Венгерскэ народнэ фронтым и Президиумым къыхилъхьащ.

Китайм и национальность псори зэхуагъэдэр

ПЕКИН, августым и 14-м. (ТАСС). «Национальность псори зэхуагъэдэныр гъэзэщIэнымкIэ IуэхугъуэшI ин дыдэ» жиIэу и къыщIэдзапIэу нобэ «Гуанминжибао» газетым тридзэ нэрыт тхыгъэм итщ:

Китайскэ Народнэ Республикэм и национальнэ районхэм я Iуэху зэрахьэжыныр и IуэхукIэ Центральнэ народнэ правительствэм къыдигъэкIа положениер, абы хуэдэ къабзэу щIыпIэм щыIэ национальнэ демократическэ коалиционнэ правительствэхэр къызэгъэпэщыныр, национальность зыбжанэ зэщIыгъуу щыпсэу районхэм лъэпкъ мащIэхэм правэ нэс яIэныр къызэгъэпэщыныр и IуэхукIэ хабзэхэм теухуауэ Государственнэ административнэ советым ищIа унафэр историческэ мыхьэнэшхуэ зиIэ документхэу щытщ, ахэр сэбэп хъунущ национальность куэд зыхэт бынунэшхуэр зэпыбжьэгъуныр, зэкъуэту щытыныр дяпэкIэ нэхъри гъэбыдэнымкIэ.

БлэкIа илъэси 3-м, адэкIэ етхыр газетым Китайм къыщызэрагъэпэщащ щIыхуу мелуани 4,5-рэ щыпсэу автономнэ национальнэ районы 130 икIи щIыпIэм щыIэ национальнэ демократическэ коалиционнэ правительствэу 150-м щIигъу къызэрагъэпэщащ. ЩыпIэ псоми япэм щымыIауэ зэныбжьэгъуныгъэ, зэдэлэжьыныгъэ нэс къыщызэрагъэпэщащ икIи политическэ, экономическэ, культурнэ укуэнигъэм зэкI хуэмыдэжу зиужьащ.

Газетым къегъэлъагъуэр марксизмэ-ленинизмэм и учениеем тету национальнэ Iуэхум и унафэр щIыным теухуа политикэр Китайм и национальность псоми я сэбэп зыхэлъхьэм къызэрекIыр.

ИРАНЫМ И ЮГЫМ ДЯПЭКIИ ЩЫТЫКIЭ ТКIИЙР ЩАГЪЭIЭНУЩ

ПАРИЖ, августым и 14-м. (ТАСС). Париж и радиом хъыбар къызэритымкIэ, Ираным и югым щыIэ щIыналъэ къыщIэхьэ районхэм щыIэ щытыкIэ ткIийр дяпэкIи мази 3-кIэ щыгъэIэным теухуа законопроектыр нобэ иранскэ меджлисым къищтащ.

Лэжьыгъэхэр болгарскэ предприятэхэм механизацэ щащIыр

СОФИЯ, августым и 14-м. (ТАСС). Болгарием и коммунистическэ партымрэ народнэ правительствэмрэ гулъытэ ин хуащIыр работхэм я гуащIэдэкIыр хъумэным. Шынагъуэ къэмыгъэхъуным и Iуэхур егъэфIэкIуэным папщIэкIэ гъэбэ металлым елэжь промышленностым государственнэ ахъшэ лев мелуани 150 къыщагъэсэбэпащ, езы предприятэхэм я рабхэм папщIэкIэ къагъэсэбэпа лев мелуан куэдыр хэмыту.

Рабочхэм я гуащIэдэкIыр хъумэным, егъэфIэкIуэным и кIуэцIкIэ увыпIэ ин щагъэщ нэхъ гугъу лэжьыгъэхэр гугъуехьу нэхъ мыхъу зытекIуэн производственнэ процессхэр механизацэ, автоматизацэ щIыныым, псом хуэмыдэу, горнэ, машинэ зыщI промышленностым. Иджы болгарскэ шахтэхэм я нэхъыбэм фIамыщIыр къыщIащыр щокIуэкIыр къызырытугъуэдэр, врубовой машинэр къагъэ-бэпкIэрэ. Димитрово къалэм я шахтэхэм я нэхъыбэм фIамыщIыр къыщIахыр, фIамыщIыр гъуэлъыгъуэгу вагонхэм икIутэныр механизацэ ящIащ.

Мы гъэм гуащIэдэкIыр хъумэнымкIэ IуэхукIэ нэхъри егъэфIэкIуэным папщIэкIэ государственнэ бюджетым лев мелуанишхэр къыхуиIупщ.

Дунай-Тенджыз ФIыщI кIэнауэр щIыным советскэ техникэр къыщагъэсэбэп

БУХАРЕСТ, августым и 14-м. (ТАСС). Дунай — Тенджыз фIыщIэ кIэнауэр щащI щIыпIэм зэпымыуэ советскэ техникэр кIэрохыр. Августым и 23-м и цIэкIэ щыIэ строительнэ участкэм и коллективым иджыблагъэ Iэрыхьащ бакъуэр къэзэмкIуэ экскаваторыр, советскэ механизм щIэ дыдэхэмкIэ зэщIэза гидравлическэ щауныщI сыныр. Овидио-2 теплоэлектростанцым къыт къарумкIэ станцыр мэлажьэр, а станцым и япэ чэзу махуэ зытIуущ ипэкIэ лажьэу щIадзащ.

Вэсэмахуэ кIэнауэр щищIым производственнэ текIуэныгъэ ин зыIэрагъэхьащ — къэралым и кIуэцIкIэ япэ автоматическэ бетон заводыр лажьэу иутIыпщащ. Советскэ техникэкIэ зэщIэузэда адрей бетон завод зыбжанэм оборудованэхэр щIагъэувэным теухуа лэжьыгъэхэр зэфIокIыр.

Северо-атлантическэ союзым IэщэкIэ зэщIэузэдауэ иIэ къарухэм я верховнэ главнокомандующэ американскэ генерал Риджуэй Лондон зэрыкIуэм къыхэкIыкIэ англайскэ патриотхэм протест къаIэту демонстрацэ ирагъэкIуэкIащ. Лондонскэ аэропортым демонстрантхэр Риджуэй щыIущIащ «Уэ уэ кIуэж,Риджуэй, тхьэ абы къыщыгъэкIэрсалъэхэмкIэ «Англичанхэр щылIэу щытыну къым» жиIэу зэрыт листовкэхэр дэбгъэрэлащ.

Полицейскэхэр демонстрантхэм теуэрт, ахэр ираудырт икIи къэтаджыну амал иратакъым Риджуэй аэродромым икIыху. Шыхухэр игъэтIысхъуэ щытащ.

Сурэтым: полицейскэхэм лондонскэ аэропортым демонстрантыр щаукIуэдауэ арщ.

(ТАСС-м и фотохроника).

Корейм къыщыхъуахэр

Народнэ армэм и командованэ Нэхъыщхьэм къыт хъыбар

ПХЕНЬЯН, августым и 15-м. (ТАСС). Корейскэ Народнэ-Демократическэ Республикэм и Народнэ армэм и командованэ Нэхъыщхьэм нобэ къыта хъыбарым къызэригъэлъэгъуэмкIэ, дыгъуасэ фронтым мыхьэнэ зиIэ зэхъуэкIыныгъэ къыщыхъуакъым.

Восточнэ тенджыз Iуфэм, Тхон-Чен районым деж Народнэ армэм и частхэм псым щIэрагъэлъафэщ жылагъуэ мамырхэм къеуа бий тральщикыр.

Бийм и кхъухьлъатэхэм ешакIуэ фочауэхэм нобэ бийм я кхъухьлъатэ щ къыраудыхащ.

Бразильскэ народыр мамырыгъэм щIобэныр

МОНТЕВИДЕО, августым и 14-м. (ТАСС). «Импренса популар» газетым хъыбар къызэритымкIэ, мамырыгъэм и тельдэхэм я ещанэ национальнэ конгрессым игъэува национальнэ мамырыгъэ саугъэтхэр зыт жюрим и заседанэр Рио-де-Жанейро щызэхэтащ.

Жолио-Кюри и цIэкIэ щыIэ саугъэтыр Порто-Алегре къалэм и муниципальнэ советым и председатель, профессор Армандо Темпорани Перейра иратащ, мамырыгъэр хъумэным и IуэхукIэ лэжьыгъэфI дыдэ зэриIэм папщIэ; Пабло Пикассо и цIэкIэ щыIэ саугъэтыр Порто-Алегре къалэм и гравернэм я клубым иратащ, мамырыгъэр хъумэнымкIэ культурэмкIэ теухуа гравюрэм и коллекцием папщIэ; Илья Эренбург и цIэкIэ щыIэ саугъэтыр Пернамбуко штатым щыIэ медицинскэ факультетым и профессор Арнальдо Маркес иратащ; Поль Робсон и цIэкIэ щыIэ саугъэтыр иратащ мамырыгъэм и активнэ бэнакIуэхэу, зауэм и бийуэ ирагъэкIуэкI бэнэныгъэ хуабжьым къыхэкIыкIэ тутнакъэщым щIадзауэ щIэсхэу Мария Альфонсо Линсе, Джеан Саравис сымэ; Пабло Неруда и цIэкIэ щыIэ саугъэтыр иратащ усакIуэ щIыхубэ Лило Рипола, мамырыгъэр хъумэным теухуа поэмэм папщIэ; къэрал иныхэу Мамырыгъэ Пакт зэращIылIэным и IуэхукIэ Мамырыгъэм и Дунейпсо Советым Къыхьурилъам Iэ трегъэдзэным теухуа кампаныр нэхъыфIу къызэгъэпэщыным теухуар. Элиза Бранко и цIэкIэ щыIэ саугъэтыр иратащ «Мамырыгъэм папщIэкIэ поход егъэкIуэкIын» жыхуэIэ организацэм и комитету Моок районым (Сан-Пауло къалэм) щыIэм и председатель, промышленник Антонио Монтесано.

Дыжьын медалхэр иратащ Мамырыгъэм и Дунейпсо Советым къыхьурилъам Iэ трегъэдзэныр нэхъыфIу елэжьахэм.

Дыщэ медалхэр иратащ «Мамырыгъэм папщIэ поход егъэкIуэкIын» жыхуэIэ организацэм и комитету Сан-Пауло муниципалитетым щыIэм, мамырыгъэм я тельдэхэм я комитету Баия, Парана, Сеара, Эспирито-Санто, Рио Гранде-до-Норте штатхэм, Акре щIыпIэм щыIэхэм, Iэ трегъэдзэныр нэхъыфIу къызэрызэрагъэпэщам папщIэ.

Японием ремилитаризацие ящIыр

ТОКИО, августым и 14-м. (ТАСС). «Сангио кейзай» газетым хъыбар къызэритымкIэ, резервнэ полицейскэ корпусым аргуэру хагъэхьа щIыху мин 35-м и Iыхьа щахэр танк мэуэкIым хуагъэхьэнущ. Корпусым иджы щарагъэкIуэкIыр зенитнэ топхэр зэрагъэуэм хуэгъэсэныр. Государствэм шынагъуэ имыIэнымкIэ управленэм деж авиационнэ отдел щыIэщ, абы зырегъэщIэр «шынагъуэ щымыгъэIэнымкIэ корпус» къызэрагъэпэщынум и авиабазэу аэродром 14-р къагъэсэбэпынум и Iуэхур. Газетым зэрыжиIэмкIэ, «тенджызыр хъумэнымкIэ корпусым» хэхуу ират америкэнскэ десантнэ кхъухьхэр «кIуатэныгъэ операцэм» папщIэкIэ къагъэсэбэпыну къыщIэкIынущ.

«Хоккайдо симбун» газетым хъыбар къызэритымкIэ, резервнэ полицейскэ корпусым деж гъэ къэкIуэ къыщызэрагъэпэщынущ авиационнэ школу 2, Хамэмацу дэту, зы танк школ, Нарасино дэту.

Печатым къызэритымкIэ, офицеру щыта гупыр бэлэжьыр милитаристскэ организацэ щIэрыIуэр — «Кайкоса» клубыр къызэгъэпэщыжыным икIи зауэм хэкъуэнщыхьа генерал Симомура а клубым и унафэщIу увыну жыраIащ. Iэщэхэр къыщIэгъэкIыным дэIэпыкъуэнымкIэ обществэ къызэрагъэпэщащ, «Мицубиси дзюкогио» компанием и президенту щыта Гоко, япэм щыIа военнэ министерствэм IэщэкIэ зэщIэузэдэнымкIэ и административнэ управленэм и начальнику щыта генерал-лейтенант Кан сымэ и унафэщIу. Обществэм эксперту 200 хуэдиз иIэщ, армэм и техническэ къулыкъум и офицер нэхъыщхьэу Iэщэхэр (пулеметхэри, топхэри, танкхэри щIыгъуу) къыщIэгъэкIынымкIэ специалистхэр хыхьэу. «Асахи» газетым къызэритымкIэ, Iэщэхэр къыщIэгъэкIыным пыщIа компанию 86-рэ обществэм хэтщ.

ФАШИСТСКЭ ХУЛИГАНХЭМ СССР-м и БИЙ БЭЭДЖАГЪЭ ТЕГЕРАН ЩЫРАГЪЭКIУЭКIАЩ

ТЕГЕРАН, августым и 14-м. (ТАСС). Дыгъуасэ Тегеран и къалэкум щыIэ уэрамхэм щыщ зым фашистскэ хулиганхэу 20 хуэдизыр Вокс-м и тегеранскэ культурэ унэм къызэригъэпэщэ сурэт-выставкэр здэщыIэ унэм теуащ. КъызэрыкIэ хулиганхэм хъумакIуэр яубэрэжьащ, унэм и щхьэгъубжэм хэлъа абджэхэр хакъутыкIащ, унэлъащIэр зэхакъутащ. Выставкэр здэщыIэ унэм теуэным япэ къыхуэу фашистскэ хулиганхэр зэпсэлъылIа полицейскэхэр абы и гъунэгъуу щыIа щхьэкIэ, фашистскэ хулиганхэм зыкIи япэрыуакъым.

Хулиганхэм зэхащIыхьхэм игъэгубжьауэ щIыху гупышхуэ а унэм и гъунэгъуу щызэхуэса иужьым хулиганхэм загъэбзэхыжащ.

ФизкультурэмрэСпортымрэ

Спартакиадэм къигъэлъэгъуахэр

Грознэ къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ гъущIгъуэгум и лэжьакIуэхэм я спартакиадэ. Абы хэтащ спортсмени 160-м щIигъу.

Метр 800-кIэ къэжэнымкIэ щыхухьу командэм япэ увыпIэр къыщихьащ Прохладнэ гъущIгъуэгу отделением я спортсмен тов. Солонатов, метр 1500-кIэ къэжэнымкIэ — тов. Байко. ЛъагагъэкIэ, кIыхьагъэкIэ лъэнымкIэ япэ увыпIэр къихьащ Прохладнэ гъущIгъуэгу отделением и спортсмен тов. Ермолаевым, дискыр дзынымкIэ — тов. Глобенко.

Зэхьэзэхуэм япэ увыпIэхэр къыщыхьахэм «Локомотивым» я грамотэхэр иратащ. Спартакиадэм хэтахэм щыщу спортсмен 35-м Всесоюзнэ классификацэм и разрядым и нормэр игъэзэщIащ, 74-м ГТО значокыр къахьащ.

Футболист ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэр иухащ

Налшык къалэм футболымкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным теухуауэ къалэм, Вольнэ Ауэ къуажэм я школхэм я футболнэ командэ 12-м я зэхьэзэхуэ республиканскэ стадионым махуи 10-кIэ щекIуэкIащ. Зэхьэзэхуэм и итогым къызэригъэлъэгъуащи, абы япэ увыпIэр къыщахьащ «Динамо», етIуанэ увыпIэр — «Буревестник», ещанэ увыпIэр — «Спартак» футболнэ командэхэм. А командэхэм иратащ физкультурэмрэ спортымкIэ Налшык къалэ комитетым и дипломхэмрэ грамотэхэмрэ.

М. СМЕХОВ.

КъАССР-м городки джэгуныымкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным теухуа зэхьэзэхуэм

Къэбэрдей АССР-м городки джэгуныымкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным теухуауэ зэхьэзэхуэ иджыблагъэ екIуэкIащ. Абы хэтащ командэ 8. Зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр къыщихьащ «Динамо», етIуанэ увыпIэр — «Искра» командэм. А командэхэм хэта спортсменхэм къагъэлъэгъуащ городки джэгуным спортнэ Iэзагъ ин.

В. МОРОЗОВ.

Литературнэ-художественнэ вечер иригъэкIуэкIащ

Налшык къалэ исполкомым культпросветлэжьыгъэмкIэ и отделым Сталиным и цIэкIэ щыIэ паркым и гъэмахуэ эстрадэм иджыблагъэ щригъэкIуэкIащ литературнэ-художественнэ вечер. «Дунейм народу тетыр мамырыгъэм щIобэн» жыхуиIэ лекцым абы къыщеджащ ВКП(б)-м и Къэбэрдей обкомым и лектор тов. Кузнецовыр. Мамырыгъэм теухуа литературэм и обзор ищIу лекцэ иужьым къэпсэлъащ къалэм и библиотекэ № 1-м и заведующ тов. Белов.

Къалэм и библиотекэхэм литературнэ-художественнэ вечерым хуагъэхьэзырат тхылъ иллюстративнэ выставкэ. Абы хэтт «Ленинымрэ — Сталинымрэ я партыр мамырыгъэмрэ демократиемрэ щIобэн», «Дэ мамырыгъэм дыритеIэхьщ икIи ар дохъумэр», «Народнэ демократие зыдэщыIэ къэралхэр мамырыгъэм щIобэн», «Американо-англайскэ империалистыр мамырыгъэм и бий бзаджэщ», нагъуэщI разделхэри.

Вечерым хуэзэрагъэпэща выставкэм къыщагъэлъэгъуащ мамырыгъэм и лагерыр, народхэм я зэныбжьэгъуныгъэр гъэбыдэнымкIэ, дунейпсом мамырыгъэр щыгъэбыдэнымкIэ мамырыгъэм и бэракъыехьэ товарищ Сталиным и ролыр къэзыгъэлъагъуэ тхылъхэр, брошюрэхэр, журналхэр, нэгъуэщIхэри.

Пионерхэм я республиканскэ Дворецым и художественнэ самодеятельностым вечерым концерт къыщигъэлъэгъуащ. Вечерым хэта щIыху 1500-р хуабжьу арэзы хъуахэу зэбгъэрыкIыжащ.

Н. АНДРИЯНОВ.

Редакторыр МАХУЭ А. Дж.

РАДИОКIЭ ЯТЫНУХЭМ Я ПРОГРАММЭ

Августым и 18-м.

17.00 — ХъыбарыщIэхэр (лэжьэгъэкIэ трысэбгъэкIа). 17.26 — Мультфильм «Картинки с выставки» жыхуиIэм теухуа музыкально-образовательнэ нэтыкI. 18.05 — «Шым и укуэкIэр» жыхуиIэ беседэр.

Редакцэм и адресыр: Налшык къалэ, Нэгумэм и уэрам, 13, 3-нэ этаж. Редакцэм и телефонхэр: редакторым и заместителым, пропагандэмкIэ отделым — 3-88, секретариатым — 4-60, партийнэ псэукIэмкIэ, советскэ укуэнигъэмкIэ, культурэмкIэ, информацэмкIэ отделхэм — 22, мэкъумэшымкIэ, промышленностымкIэ отделхэм — 4-55, письмохэмкIэ отделым — 4-55, зв. 2.

ЧО1644. «Къэбэрдей пэж» газетым и издательствэм и типографие. Заказ № 1293. Тираж 10.000.

мешок